QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QORAQALPOG‘ISTON
RESPUBLIKASI XALQ TA’LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko‘chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz


«19» июль 2021-j. № 01-02/05-3374 «___»____________ 2021 y.

**Халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Кегейли районы 11-санлы улыўма орта билим бериў мектеп директоры Г.Байимбетованың унамсыз ис-ҳәрекетлери себебли мектеп жәмәәти арасында бир қанша келиспеўшиликлер келип шығып, Президент порталы, прокуратура ҳәм де жоқары турыўшы уйымларына көплеп наразышылық арзалары түсип киятырғанлығы, сондай-ақ, мектепте саламат турмыс орталығының бузылғанлығын мәлим етеди.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Сизден Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрьдеги «Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тарбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПФ-6108-санлы Пәрманы ҳәм 2020-жыл 6-ноябрьдеги “Тәлим-тарбия системасын және де жетилистириўге байланыслы қосымша ис-илажлары ҳаққында”ғы ПҚ-4884-санлы қарары тийкарында қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 25-декабрьдеги “Улыўма орта билим бериў мәкемелери директоры лаўазымына талабанларды усыныс етиў ҳәм жумыс бериўшиниң басламасы менен лаўазымынан азат етиў бойынша халық депутатлары район (қала)лық Кеңеслерине усыныс киритиў тәртибин тастыйықлаў ҳаққында”ғы 325-санлы буйрығына тийкарланып, Кегейли районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 11-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры Г.Байимбетованы өз лаўазымынан азат етиў мәселесин халық депутатлары Кегейли районлық Кеңесинде көрип шығып, тийисли тәртипте усыныс бериўиңизди сорайды.

*Тексериў жуўмағы бойынша мағлыўмат қосымша етиледи.*

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: С.Ҳабипов
Тел: (61) 222-24-62